MASIMBA CONSTRUCTION ZIMBABWE

HWARO YEKUCHENGETEDZA HUPENYU, HUTANO NENHARAUNDA (SHE POLICY)

Masimba Construction Zimbabwe ikambani yepamusoro-soro ine humhizha nehunyanzvi hwakadzama mukuvaka zvinofadza vainoshandira kuchamhembe kweAfrica, iine nhaka nenhoroondo yekuita mabasa ekuvaka akanaka nenzira dzinodzivirira njodzi, dzichichengetedza utano nenharaunda. Tine **chitupa che ISO 14001:2004 neche OHSAS 18001:2007**.

Tinodaira nekutambira kuti tine basa rekudzivirira njodzi nehurwere, kuvashandi vedu nevese vatinodyidzana navo, kuchengetedza nharaunda nezvatinoshandisa mumabasa edu ese. Naizvozvo tinotsidza kuzvipira kuramba tichivandudza kuchengetedzwa kwehutano, kudzivirirwa kwevashandi panjodzi nekuchengetedzwa kwenharaunda pamabasa edu. **KUSAVAPO KWEKUKUVARA** ndiro donzvo redu rinotisunda.

Zvichienderana negwara iri, Masimba Construction Zimbabwe yakazvipira:

- Kutsvaka nekuyera zvese zvinogona kukuvadza vashandi nekukanganisa nharaunda kubva pamabasa edu.
- Kuisa zvinangwa nematanho ekuderedza kana kubvisa zvachose zvese zvingakonzeresa njodzi nekukanganisa nharaunda.
- Kutevedzera mitemo yekuchengetedza hupenyu, hutano nenharaunda, zvinosanganisira mitemo yakamiswa mubasa redu pasi rose.
- Kunatsurudza maitiro nemashandiro edu zvinoita kuti tichengetedze zvisikwa, zviwanikwa, nharaunda, uye kudzivirira tsaona, zvirwere nekuparadzwa kwemidziyo.
- Kuumbiridza tsika yepamusoro kuburikidza nemukuzivisa uye kudzidzisa kuchengetedzwa kwehupenyu, hutano, nharaunda nekusandura maitiro edu kuti pasave nekukuvara.
- Kuramba tichiita hurukuro iri pachena, uye zvisina tsvete, nevese vatinobata navo mabasa.
- Kunyatsodoma pachena zvikwata zvinofambisa hurongwa nekugoverana mabasa zvinoita kuti tikwanise kucherechedza nhanho dzedu pabasa kuburikidza nezvinangwa nematanho akatarwa, tiinepfungwa yekuvandudzwa kwemafungiro edu neevamwe vese.

Kuti tibudirire ketevedzera izvi, tinopa masimba kuvashandi vedu vese, pamwechete nekudyidzana nevatinobata navo mubasa redu.

CHIEF EXECUTIVE OFFICER: _____ **31 March 2017**

WORKERS' COMMITTEE: _____ **31 March 2017**